



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Eta Inyon Prezidan Biden te anrasinen nan vizyon optimis li pou avni nou — yon vizyon ki soulve fanmi travayè ak klas mwayèn ki te bati nasyon nou an — epi ki pentire yon gwo diferans ak moun k ap eseye divize peyi a epi fè rekile. Nan kad lidèchip li, nou te konstate yon chomaj ki istorikman ba ak kreyasyon djòb ki pi wo, yon envestisman san parèy nan enfrastrikti nou yo ak endistri alavni yo, ak pwoteksyon solid pou dwa fanm yo pou yo fè pwòp chwa sou kò yo.

Mwen aplodi Prezidan Biden pou sipò li bay Ikrèn, defans demokrasi, ak demann li pou solisyon bon sans pou sekirize fwontyè nou an. Prezidan an te prezante plan li pou sekirize fwontyè nou an epi kreye chemen legal pou imigran ak moun k ap chèche azil yo travay. Kounye a, nou bezwen Repibliken yo sispann bloke yon pwojè lwa bilateral epi adrese kriz migran k ap anvayi New York la.

Prezidan Biden konprann tou gwo enje si nou pa mete fen nan vyolans ak zam. Apre yon trajedi ki twò pre lakay mwen, mwen te adopte lwa sou zam solid pou pwoteje Nouyòkè yo. Men, Repibliken yo nan Kongrè a te refize fè menm bagay la. Li lè pou nou mete fen nan vyolans ak zam san sans lan.

Prezidan Biden voye yon mesaj klè ke Demokrat yo ap goumen pou fanmi Ameriken yo. Mwen fyè pou m kontinye travay ak Administrasyon li a pou konstwi yon New York ki pi solid, ki pi pwospè."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418